

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan medar ngeunaan wangun, adegan, ma'na jeung maksim kasopanan nu aya dina novel *Puputon* karangan Aam Amilia. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data, panalungtik manggihan aya 129 kalimah éksprésif. Ieu data nu kapanggih téh kawengku wangun, adegan, ma'na, jeung maksim kasopanan. Di handap dipedar sacara rinci hasil panalungtikan nu kapanggih dina novel *Puputon* karangan Aam Amilia

Kahiji, dina ieu panalungtikan kapanggih Wangun kalimah éksprésif anu nyoko kana rupa-rupa kalimah éksprésif disawang tina jumlah jeung warna klausa anu jadi pangwangunna. Disawang tina wangunna, kapanggih aya dua rupa kalimah éksprésif, nyaéta kalimah éksprésif salancar jeung kalimah éksprésif rangkepan. Éta dua wangun kalimah éksprésif téh masing-masing ngabogaan dua sub-wangun. Wangun kalimah éksprésif salancar ngabogaan subwangun kalimah éksprésif basajan jeung kalimah éksprésif jembar. Ari wangun kalimah éksprésif rangkepan ngabogaan subwangun kalimah éksprésif ngantét jeung kalimah éksprésif sumélér. Dumasar kana analisis data anu kapanggih kalimah éksprésif salancar basajan kapanggih aya 69 kalimah, wangun kalimah éksprésif salancar jembar kapanggih aya 40 kalimah, kalimah éksprésif ngantét kapanggih aya 7 kalimah, jeung kalimah éksprésif sumélér kapanggih aya 13 kalimah. Hasil analisis ngeunaan wangun kalimah éksprésif bisa dicindekkeun yén kalimah éksprésif salancar basajan leuwih loba tibatan wangun kalimah nu séjén.

Kadua, nyaéta adegan pragmatis kalimah éksprésif mampu ngungkapkeun maksud atawa gagasan, anu struktur kalimahna ngéntép seureuh, ngulik patali harti jeung kontéks omongan, sarta ngadumaniskeun adegan basa jeung nu makéna, éta

adegan ngawujud pola-pola téknis. Hasil tina analisis data dina novél *Puputon* karangan Aam Amilia kapanggih struktur kalimah éksprésif aya dua pola, nyaéta struktur kalimah éksprésif sampurna jeung struktur kalimah éksprésif teu sampurna. Masing-masing adegan ngawengku dalapan pola adegan kalimah sampurna jeung lima pola adegan kalimah teu sampurna. Pola 1 nyaéta kalimah éksprésif sampurna basajan (1) Pola 1a aya 25 data adegan kalimah éksprésif, (2) Pola 1b aya 9 data adegan kalimah éksprésif, (3) Pola 1c aya 3 data adegan kalimah éksprésif. Pola 2 nyaéta pola kalimah éksprésif sampurna jembar (1) Pola 2a aya 19 data adegan kalimah éksprésif, (2) Pola 2b aya 7 data kalimah éksprésif, (3) Pola 2c aya 10 data adegan kalimah éksprésif, (4) Pola 2d aya 9 data adegan kalimah éksprésif, (5) Pola 2e aya 6 data adegan kalimah éksprésif. Pola 3 nyaéta kalimah éksprésif teu sampurna, anu kabagi ku sababaraha subpola nya éta: (1) Pola 3a kalimah éksprésif TS aya 21 data adegan kalimah éksprésif, (2) Pola 3b aya 6 data adegan kalimah éksprésif, (3) Pola 3c aya 8 data adegan kalimah éksprésif, (4) Pola 3d aya 3 data adegan kalimah éksprésif, (5) Pola 3e aya 3 data adegan kalimah éksprésif. Data nu kapaluruh dina ieu panalungtikan nu panglobana nyaéta adegan pragmatis pola 1a nu jumlahna 25, sedengkeun adegan pragmatis kalimah éksprésif nu pangsaeutikna nya éta Pola 1c, Pola 3d, jeung Pola 3e nu jumlahna 3 kalimah.

Katilu, ma'na pragmatis nyaéta réalisasi maksud paréntah anu dipatalikeun jeung kontéks situasi omongan anu jadi kasang tukangna. Dumasar kana hasil analisis data nu kapanggih, ma'na pragmatis nu aya dina novél *Puputon* karangan Aam Amilia téh aya 11 ma'na pragmatis nyaéta kalimah éksprésif nyarékan aya 12, kalimah éksprésif ngawilujengkeun aya 5, kalimah éksprésif cumeluk aya 37, kalimah éksprésif kagét aya 9, kalimah éksprésif tumamprak aya 3, kalimah éksprésif karumasaan aya 23, kalimah éksprésif bungah aya 5, kalimah éksprésif kanyeri aya 16, kalimah éksprésif mupuas aya 1, kalimah éksprésif geuleuh aya 3, jeung kalimah éksprésif keuheul aya 15. Tina hasil data nu kapaluruh ma'na pragmatis nu panglobana nyaéta kalimah éksprésif cumeluk nu jumlahna 37, jeung nu pangsaeutikna nyaéta kalimah éksprésif mupuas anu jumlahna ngan 1.

Dwi Sulistiya Rini, 2021

KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL PUPUTON KARYA AAM AMILIA (Ulikan Sintaksis jeung Pragmatik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kaopat, nyaéta maksim kasopanan nu mangrupa tingkat kasopanan omongan atawa tuturan antara panyatur jeung lawan tutur dina makéna basa. Dumasar kana analisis data, maksim kasopanan kalimah éksprésif anu aya dina novel Puputon téh aya 6 maksim nyaéta, (1) maksim kawijaksanaan aya 21, (2) maksim katumarima aya 9, (3) maksim pujian aya 5, (4) maksim handap asor aya 10, (5) maksim pancocog aya 18, (6) maksim kasimpatian aya 9. Jadi, maksim nu panglobana nyaéta maksim kawijaksanaan nu jumlahna 21, sedengkeun nu pangsaeutikna nyaéta maksim pujian jeung maksim kasimpatian anu jumlahna aya 5 kalimah ogé nu teu kaasup maksim kasopanan aya 72 kalimah éksprésif.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kacindekkan di luhur, panalungtik miboga rékoméndasi pikeun panalungtikan kahareupna. Nu ngaranna basa pasti bakal nambahan tur ngigelan jaman, ku kituna panalungtik meredih sangkan panalungtikan kahareupna bisa ngagunakeun karya sastra pedalan anyar, anu basana bisa disaluyukeun jeung masarakat jaman ayeuna. Ieu panalungtikan ogé masih kénéh murni ngadéskripsikeun ngeunaan kalimah éksprésif nu diulik kalayan pamarekan sintaksis jeung pragmatis, anu nalungtik ngeunaan wangun, adegan, ma'na, katut maksimna. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén utamana ngeunaan basa nu dipatalikeun jeung pangajaran pikeun nambahan pangalaman jeung référénsi guru di lapangan.